*Ассаламу гІалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 5 (7323) РУЗМАН 10 февраль 2023 сон

12+

## Гъадин хъулухъ гъабула нилъер гIолохъабаз



ЧIарада районалъул гIолохъабаз ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго жидедаго тIадаб рагъулаб хъулухъ. СВОялда щивас бихьизабулеб буго жидерго махщел ва бажари.

Солдат – гьеб буго пиша, боец – гIамал-хасият, воин – рекIел хIал. Гьеб 3 хасият бугин абизе бегьула ЧIарада районалъул КIутIихъ росулъа рагъухъан Рамазан МухIамадовасулъ. Мобилизациялде хIадурлъулел тIоцересел къояздаго Рамазан сундухъго балагьичIого хIадурана Украинаялда тIобитIулеб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе ине. Гьенибги гьес бажарун ва бихьинчилъиялда хвасар гьабулеб буго цадахъ хъулухъ гьабулезул гIумру. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго фронталда гьесие къураб «За спасение погибавших» абураб медалалъги.

ВатIаналда Рамазан МухIамадовгун дандчIвай гьабиялъухъ яхI гьабизе кIоларого балагьун чIун буго лъабго лъимер ва хъизан.

Бокьилаан гьаризе щияй эбелалъе, лъадиялъе ва лъималазе, бергьенлъигун сахсаламатго тIадруссарал жиде-жидер бихьиназда – хъизаналъул бутIрузда, рохалида дандчIвай гьабизе.




2023 СОН – МУГIАЛИМАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОН

## Мисал босизе бегьулев

**РФялъул президент В. В. Путинил амруялдалъун 2023 сон лъазабун буго мугIалимасул ва насихIатчиясул сонлъун.**

Нилъеца гIемер рехсола учитель абураб рагIи, амма ракIалдецин кколаро гьес нилъер гIумруялъуль лъолеб бугеб кIудияб бутIаялъул. Школазда куцала гIадамал. Гьелъулъги цIикIкIараб бутIа лъола мугIалимас. КигIанаб къуват, захIмат ва сабру кьваригIунеб учителасе цIалдохъаби гIадамазуль рахьинаризе ккани.

Гьелъул хIасилги гьабун, хьвазе бокьун буго 50-го сонаръ школазда дарсалги кьурав, халкъалъе гIоло лъикIал хIалтIабиги гьарурав, амма гьанже нилъгун гьечIев мугьгьал чураяв МухIамад Халилулаевасул хIакъалъуль. Гьев вукIана кьвараравва гьелдаго цадахъ хIеренавги, цIодорав ва тIадкъараб хIалтIуе ритIухъавги. Гьедин жиндирго захIматалдалъун цIалдохъабаз ва гьезул умумуз хIурмат гьабулевлъун лъугьизе кIварав мустахIикълъарав инсан.

МухIамад МухIидинович гьавуна 1944 соналъул 26 январалда ЧIарада районалъул Мощоб росулъ. 1950 соналда гIагараб школалъ рагьана гьесие нуцIби. Росулъ байбихьул школаги лъугIизабун гьев цIализе лъугьуна ЦIуриб гьоркьохьеб школалде.

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

## Турциялдаги Сириялдаги ракьбагьариялъул хIасилалда



РакIалдаго гьечIого рачIунел руго гIадамазде кIудикIудиял балагьал. Гьелъиеги батилаха БетIергьанасул цо хIукму. Киналъего шукруги сабруги гьабизе кколеб буго.

Гьал къоязда Турциялдаги Сириялдаги ккараб кутакаб ракьбагьариялъул хIасилалда, гьабсагIат ругел рихьизариязда рекьон, гIумруялдаса ратIалъана 21 азаргоялдаса цIикIкIун чи.

Турциялъул президент Реджеп ТIайип Эрдоганица бицухъе, цохIо гьенир хун руго 17 674 чи. Зарал ккаразул къадар бахъун буго 72 879 чиясде, биххун буго 6 444 мина. Гьединго EFE агентствоялъул баяназда рекьон Сириялда хваразул къадар бахъун буго 3 868 чиясде.

Анадолу Агентствоялъул лъазабиялда рекьон Эрдоган ун вуго ракьбагьариялъул эпицентр букIараб Кахраманмараш провинциялде. Гьенир гьарулел хвасарлъиялъул хIалтIабазул ва бугеб ахIвал-хIалалъул хал-шал гьабиялъул мурадалда.

ТIабигIияб балагьалъуль лъукъа-къотIарал сах гьариялъе кумекалъе Россиялъ гьенибе битIулеб буго врачазулаб хасаб бригада.

Президентас гьединго лъазабулеб буго Турциялъ киналго ресал ва сурсатал хIалтIизарулел ругин ракьбагьариялъул хIасилалда ккарал заралал лъугIизариялъе. Рукъзал гьечIого хутIаразе бакIал рихьизарун руго Анталиялъул, Аланиялъул ва Мерсиналъул отелазда. Киналго зарал ккаразул хъизаназе бихьизабун буго 10 азарго лир (гIага-шагарго 530 доллар) кьезе. Рихххаразул бакIалда лъагIалида жанир цIиял рукъзал эхетизе ругин лъазабуна Эрдоганица.

Гьелдаго цадахъ гьес киналго ахIулел руго ракIалда гьечIел лъугьа-бахьинал лъугIизариялъул ва риччангутIиялъул Управлениялъ тIиритIизабулел гурого цогидал лъазариязда божичIого рукIине.

РикIкIад рукIаниги, нилъер районалъул нухмалъиялъгун жамагIаталъ кIудияб пашманлъигун къабул гьабуна Турциялдагун Сириялда ракьбагьариялъул лъугьа-бахьин.

Нижер пикрабиги дугIабиги руссинарун руго гьеб нагагьаб балагьалдалъун заралал ккарал гIадамазде. Гьаваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гIумруялдаса ратIалъаразул хъизаназда ва гьудул-гьалмагълъиялда. ЦIунайги Аллагьас гьединал балагьаздаса киналго ракълилал гIадамал. Амин!

## БахIарчиял солдатазул ишал наслабаз наслабазухъе кьела



Братская могила защитников города на Мамаевом кургане.

Волгоградалда Мамаев Курганалда бугеб цо заниялда тIад абадиялъего бикIкIун буго Совет Союзалъул БахIарчи Ханпаша Нурадиловасул цIар, гьенивго хун вуго генерал-майор Якъуб Кулиевги. Сталинградалъул зодив бахIарчиго вагьана кIицIул Совет Союзалъул БахIарчи Амет-Хан СултIан. Волгаялда тIад вахIщияв тушмангун къеркьолаго хвана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовасул вац МухIамад ХIамзатовги. Гьеб рагьда гIахьаллъарал ана нилъедаса абадиялъего, амма нилъер ракIазуль гьел цIунун хутIизе руго кидаго, гьез рагьда гьабураб гIахьаллъиялъул, советиял солдатазул бахIарчиял ишазул харбал нижеца наслабаз наслабазухъе кьезе руго.

Гьел киналго рагъухъабаз тIадегIанаб къагIидаялда цадахъ бихьизабуна ритIухълъи, яхI-намус ва ВатIаналде бугеб рокьи лъидаго къезабизе кIоларебльи.

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун ункъого сон аниги тIаде гIун рачIунел солдатазгун офицераз ракIбацIцIадго ва хIурматалда тIубазабулеб буго жидедаго тIадаб рагъулаб налъи, гIужда тIуразарулел руго улкаялъ цере лъурал масъалаби. ВатIаналъул хIажалъабиги тIуразарулаго гIахьаллъи гьабулеб буго Украинаялда хасаб рагъулаб операциялда. Гьел рагъухъабаз ракIалде щвезарулел руго жидерго рагьда гIахьаллъарал умумул, гьез нилъее кьун тарал, жакъасел нилъер гIолохъабаз хIурматалда цIунулел тIадкъаял – ВатIан бокьи ва гьелъул гIорхьаби щулаго цIуни.

# Бюджет МО «сельсовет Дусрахский» на 2023 год

Республика Дагестан
Собрание депутатов муниципального образования
«сельсовет Дусрахский» Чародинского района

## Решение № 1

*от 23 декабря 2022 г.*

**О бюджете муниципального образования «сельсовет Дусрахский» Чародинского района на 2023 год**
**Принято сельским Собранием**

**Статья 1.** Утвердить бюджет МО «сельсовет Дусрахский» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме **3656200** руб. и по расходам в сумме **3656200** руб.

**Статья 2.** Утвердить перечень администраторов доходов бюджета сельского Совета органов государственной власти и местного самоуправления согласно приложению № 1 к настоящему решению.

**Статья 3.** Учесть в бюджете сельского Совета (села) поступления доходов согласно приложению № 2 к настоящему решению.

**Статья 4.** Утвердить распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ согласно приложению № 3 к настоящему решению.

**Статья 5.** Утвердить ведомственную структуру расходов бюджета сельского Совета (села) согласно приложению № 4 к настоящему решению.

**Статья 6.** В ходе исполнения настоящего решения сверх пределов, установленных Бюджетным Кодексом РФ, вносятся изменения в**:**

1) функциональную и экономическую структуры расходов в случае образования экономии по отдельным разделам, подразделам, целевым статьям, видам расходов и статьям экономической классификации расходов бюджетов РФ по представлению руководителей учреждений;

2) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, предоставляемые из районного бюджета за счет средств резервных фондов бюджетов других уровней;

3) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, направляемые на оплату исполнительных листов судебных органов в соответствии с Бюджетным Кодексом Российской Федерации, соответствующие решения об изменениях принимает сельское Собрание и передаются в соответствии с соглашениями в орган кассового обслуживания бюджета (Отделение Казначейства.).

**Статья 7.** Установить, что финансирование поставок товаров, работ оказания услуг для нужд сельского Совета осуществляется в соответствии с порядком, установленным Правительством РД, а также с учетом реального поступления доходов в сельский бюджет.

**Статья 8.** Установить, что заключение и оплата договоров бюджетными учреждениями производится в пределах утвержденных им лимитов бюджетных обязательств в соответствии с функциональной и экономической структурами расходов бюджета РФ и с учетом ранее принятых и не исполненных обязательств.

**Статья 9.** Целевые средства в составе остатка на едином счете бюджета на 1 января 2023 г., а именно: субвенция на оплату ведения первичного воинского учета, направляются на те же цели.

**Статья 10.** Средства социального страхования, поступившие в конце предыдущего года неиспользованные на начало года, направляются на обеспечение соответствующих выплат и на сумму указанных средств, увеличиваются лимиты бюджетных обязательств по кодам расходов: 000 0104 001000 005 213.

**Статья 11.** Средства в валюте РФ, полученные бюджетными учреждениями от предпринимательской и иной, приносящей доход деятельности, учитываются на лицевом счете, открытом в территориальном органе Федерального казначейства и расходуются в соответствии с утвержденной в установленном порядке сметой доходов и расходов.

**Статья 12.** Настоящее решение вступает в силу с 01 января 2023 г. и распространяется на правоотношение, возникшее с 01 января 2023 г.

***Председатель сельского Собрания МО «сельсовет Дусрахский»***
***М. ОМАХАНОВ***

*Приложение № 1*
*к решению о бюджете администрации МО «сельсовет Дусрахский»*
*Чародинского района на 2023 год*
*от 23 декабря 2022 г. № 1*

**Администраторы доходов сельского бюджета**

| 1.Федеральная налоговая служба | |
|---|---|
| Код дохода | Наименование дохода |
| 18210102021011000110 | Налог на доходы физических лиц |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц в границах поселений |
| 18210606023101000110 | Земельный налог по ставкам к объектам в границах поселений |
| 2. Администрация МО «сельсовет Дусрахский» | |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта |
| | Неналоговый доход |

Приложение №2
к решению о бюджете МО «сельсовет Дусрахский»
Чародинского района на 2023 год
от 23 декабря 2022 г. №1

**Поступления доходов в бюджет МО «сельсовет Дусрахский» Чародинского района в 2023 году**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма |
|---|---|---|
| 18210102021011000110 | Налог на доходы физических лиц | 30 000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 38 000 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 158 000 |
| 18210503000010000110 | Единый сельскохозяйственный налог | 17 000 |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 3274200 |
| 00020202020100000151 | Субвенция на ЗАГС | |
| 000202030030000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 134000 |
| | Не налоговые доходы | 5000 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | 3656200 |

Приложение №3
к решению о бюджете МО «сельсовет Дусрахский»
Чародинского района на 2023 год
от 23 декабря 2022 г. № 1

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | --- | --- | 3656200 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 529011 |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 1028403 |
| Руководство и управление в сфере уст-х функций (Центр. бухгалтерия и др.) | 01 | 04 | 343384 |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 134000 |
| ЖКХ | 05 | 01 | 65000 |
| Ликвидация чрезв. ситуаций и стих-ных бедствий | 03 | 09 | 10000 |
| Благоустройство | 05 | 03 | 230131 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 20000 |
| Культура | 08 | 01 | 1096271 |
| Спорт и физическая культура | 09 | 08 | 25000 |
| Землепользование | 01 | 14 | 80000 |
| Антитеррор | 01 | 17 | 10000 |
| Г8ДНД | 01 | 07 | 20000 |
| На проведение выборов | 01 | 06 | |
| Выпл. к пенсии мун. работников | 01 | 07 | 95000 |

*Приложение № 4*
*к решению о бюджете МО «сельсовет Дусрахский»*
*Чародинского района на 2023 год*
*от 28 декабря 2022 г. № 2*

**Ведомственная структура расходов сельского бюджета на 2023 год**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | ЦСР | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 3656200 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 0020300 | 500 | 529011 |
| Аппарат местной администрации | 01 | 04 | 0020400 | 500 | 1371787 |
| Другие общегосударственные вопросы | 01 | 14 | 0029900 | 500 | |
| Первичный воинский учёт | 02 | 03 | 0013600 | 500 | 134000 |
| ЖКХ | 05 | 01 | 3500300 | 500 | 50000 |
| Мероприятия в области коммунального хозяйства | 05 | 02 | 3510500 | 500 | |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 6000100 | 500 | 15000 |
| Строительство и содержание автомобильных дорог и сооружений на них в рамках благоустройства | 05 | 03 | 6000200 | 500 | |
| Озеленение | 05 | 03 | 6000300 | 500 | |
| Организация и содержание мест захоронения | 05 | 03 | 6000400 | 500 | |
| Мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 6000500 | 500 | 230131 |
| Проведение мероприятий для детей и молодёжи | 07 | 07 | 4310100 | 500 | 20000 |
| Обеспечение деятельности домов культуры, клубов | 08 | 01 | 4409900 | 001 | 1096271 |
| Выборы | 08 | 01 | 4429900 | 001 | |
| Мероприятия в области физкультуры и спорта | 09 | 08 | 5129700 | | 25000 |
| Выплаты к пенсии мун. служащим | 01 | 14 | 0013800 | 001 | 95000 |
| Антитеррор | 01 | 07 | 0431001 | 244 | 10000 |
| Землепользование | | | | | 50000 |
| Ликвидация чрезвычайных ситуаций и стихийных бедствий | 03 | 07 | 0431001 | 244 | 10000 |
| ДНД | 01 | 07 | 0431001 | 244 | 20000 |

# Совещание по вопросам реализации госпрограммы «социально-экономическое развитие горных территорий РД» в нашем районе

В кабинете главы района прошло совещание по вопросам реализации госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» в нашем районе.



В работе совещания приняли участие заместитель главы района Магомед Омаров, начальник и специалисты отдела сельского хозяйства и экономики, начальник отдела по профилактике идеологии экстремизма и терроризма Асад Магомедов, директор МФЦ Нурудин Ильясов и другие специалисты администрации МО.

Гаджимагомед Кадиев, разъясняя участникам мероприятия цели и задачи новой госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан», отметил, что программа предусматривает исполнение мероприятий, которые направленны на улучшение социально-экономического положения горных территорий республики.

Кадиев ответил и на интересующие вопросы собравшихся, пояснил условия участия в госпрограмме, формы подачи заявок, возможные перспективы и проблемы. По его словам получить субсидию могут юридические лица, предприниматели и личные подсобные хозяйства (приобретение малогабаритной сельхозтехники). По всем вопросам можно обращаться в отдел сельского хозяйства и экономики администрации района и в МФЦ.

В завершение Магомед Омаров обратил внимание участников на то, что при оформлении документации и консультации стоит внимательнее отнестись к проблемам предпринимателей и сельхозтоваропроизводителей, а тем в свою очередь, необходимо более активно участвовать в реализации госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».



Отметим, что прием заявок на предоставление субсидий стартует с 6 февраля и продлится до 6 марта 2023 года.

Господдержка в рамках программы осуществляется по шести направлениям:

1. субсидии на возмещение 50% затрат на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции в горных территориях Республики Дагестан;

2. субсидии гражданам, ведущим личные подсобные хозяйства в горных территориях Республики Дагестан, на возмещение 50% затрат на покупку малогабаритной сельскохозяйственной техники;

3. субсидии на возмещение части затрат на создание и модернизацию предприятий по производству промышленной продукции в горных территориях Республики Дагестан;

4. субсидии на возмещение части затрат на строительство малогабаритных теплиц в горных территориях Республики Дагестан;

5. субсидии на возмещение части затрат на приобретение оборудования по производству пищевой продукции и напитков в горных территориях Республики Дагестан.

За получением субсидии можно обращаться в МФЦ или на прямую в Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан.

Главное условие участия в конкурсном отборе – осуществление хозяйственной деятельности проекта на высоте более 500 метров над уровнем моря.

С более подробной информацией, условиями и перечнем необходимых документов можно ознакомиться в разделе http://minec-rd.e-dag.ru/razvitie-gornykh-territoriy_2

# ГIарабазул делегация муфтиясухъ гьоболлъухъ



ГIарабазул улкабаздаса Дагъистаналде рачIарал гIалимзаби гьоболлъухъ щвана республикаялъул муфти, шайих АхIмад-афандиясухъе. Гьезда цадахъ вукIана муфтиясул кумекчи АхIмад Надирбегов ва гIелмабазул доктор Шигьабудин ХIусенов.

Муфтияс гьалбал къабул гьаруна Аллагьасе кидагоё реццги гьабулаго ва абуна гьадинал дандчIваяз баракат цIикIкIинабулин. Щайгурелъул, гьелъул мурад Аллагь разилъи кколеб букIин. ГIарабазул улкабаздаса рачIараз баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул муфтиясе ва абуна Дагъистан республикаялде щвеялдаса жал цIакъ рохаралги разиялги ругин абун.

Гьениб муфтияс бицана гIарабаздехун жиндирго бербалагьиялъул ва Аллагьасе гIоло гьел рокьулеблъиялъул.

ДандчIваялъул ахиралда гьалбадерица муфтиясе кьуна ракIалде щвеялъулал сайгъаталги.

ГIарабазул улкабаздаса гьалбал Дагъистаналде рачIиналъул мурадин абуни букIана гьаниб тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб динияб форумалда гьезги гIахьаллъи гьабулеб букIин.

# Ккара-тараб

«Порт-Петровск» ООО абулеб МахIачхъалаялъул ччугIил порталъул хал гьабуна ДРялъул вице-премьер Нариман ГIабдулмутIалибовас. ЧчугIа цIунулеб бакI къачIалъе ва цIигьабиялъе гьарулел хIалтIабазухъги, Каспиялъул килькаялъул 100 тонна цIунулеб ва къачIалеб цехалъухъги балагьана гьев.

«Порт-Петровск» техникияб рахъалъ хьезабун хадуб, ччугIихьанлъиялъул флотазул гумузе кинабго хъулухъ гьабизе рес букIине буго. Гьединго 600 чиясе хIалтIизе бакIги щвезе буго гьениб.

* * *

Роспотребнадзоралъул баяналда рекъон, гьал ахирал къоязда Россиялда гриппалъгун ОРВИялъ унтаразул къадар цIикIкIун буго 53 проценталъ. ЦIодорлъи гьабе гриппалдаса.

* * *

Экспорталъе квербакъи гьабиялъул централъул директор Руслан ГIабаскулиевас бицухъе, гьоркьиса Дагъистаналъ къватIибе битIун буго 107 миллион долларалде къайи-къоно. Цересел соназдe данде ккун гьеб тарих цIикIкIун буго 1,6 нухалъ.

Аслияб куцалда Дагъистаналъул къайи босулеб буго Азербайджаналъ, Казахсталъ, ГIиракъалъ, ГIарабазул Цолъарал Эмиратаз, Афгъанистаналъ ва Таджикистаналъ.

* * *

20-40 сонил ригьалда ругел гIолохъаби хвеялъе аслиял гIиллабазул цояблъун ккoлеб буго гIаракъи ва цогидалги мехтизарулел жал гьекъей.

Гьедин лъазабуна РФялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул штаталда гьечIей терапевт Оксана Драпкиналъ.

* * *

Дагъистаналда хIалтIизе биччазе буго «Туристасул карта» абураб проект. Гьеб иш гьабиялъе къотIи-къай гьабуна «Мир» платежалъул системаялъул директор Владимир Комлевасулгун.

Бокьараб банкалъул «Мир» картаялдаса пайда босулел дагъистаниязе ва гьалбадерие программаялъулъ гIахьаллъулел туризмалъулал бакIаздаса ва тукабаздаса босараб къайиялъухъ кьураб гIарцул цо бутIа тIадбуссинабизе буго (кешбэк). Гьелдаса пайда босизе бокьараз визитдагестан рф. абураб порталалда регистрация гьабизе ккола.

* * *

Исана цIалул соналде школалде унел лъималазе цо нухалда кьолеб анцIазарго гъурущ кьуни, умумузе саламатаб кумек букIинаанин абураб суал борхун букIана РФялъул Пачалихъияб Думаялда. Амма цо къоялда жаниб анцIазарго гъурущ жидее щолел депутатаз гьелъул рахъ кквечIо.

Пачалихъалъ школлъималазе гьединаб кумек гьабун букIана пандемия багьарараб сональ.

*«ХIакъикъат» газеталдаса босараб*

# Лъалищ нужеда?

Япониялда буго 4 кIудияб (Хокайда, Кюсю, Хансю, Сикоку) ва 6848 гьитIинаб чIинкIиллъи. Гьенир гIумру гьабулел 127 миллион гIадамазул 99 процент кIалъала рахьдал мацIалда. Гьеб улкаялъул ракьалъул 70 процент ккола мугIрул. Бищунго кIудияб буго Фудзи (гьелъул борхалъи бащалъула 3776 метралда). Щибаб соналда Япониялда ккола 1500-ялдаса цIикIкIун ракь багьари. Гьезул вуго Нобелалъул премиялъул 15 лауреат. Япониялда бищунго хIалтIизабизе бокьулареб рагIи ккола «гьечIо» абураб.

* * *

Дунялалда тIад бищунго кIудияб шагьар ккола Китаялда бугеб Чунцин. Гьелъул гIатIилъи бащалъула 82400 квадратияб километралда. Чунцин шагьар бикьула 19 районалде, 15 уездалде. 2010 соналъул хъвай-хъвагIаялда рекъон, гьениб гIумру гьабулеб букIана 28846170 чияс. Хадусел бакIазда руго Нью-Йорк ва Мехико.

* * *

Бищун нилъеда гIагараб цIва ккола Проксема Центавра. Ракьудаса гьеб 3 канлъул соналъ (световой год) рикIкIад буго. Бищунго рикIкIада бугеб ккола Бакьудаса 400 нухалъ цIикIкIараб диаметр бугеб Бетельгейзе цIва. Бищунго канаб цIва ккола нилъер планетаялдаса 8,6 канлъул соналъ рикIкIад бугеб Сириус.

2023 СОН – МУГIАЛИМАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОН

# Мисал босизе бегьулев

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

Гьаб дуниялалда щибниги жо лъугьунаро жиндиего бокьун, гьедин МухIамадие хьван букIун буго мугIалимасул хIурматияб хIалтIи тIубазабизе.



1959 соналда 8 классги лъугIизабун М. Халилулаев цIализе лъугьана Буйнакскиялъул мугIалимал хIадур гьарулеб училищаялде гIурус мацIалъул ва литератураялъул факультеталде. Гьениб 3 курс лъугIарав МухIамад ана 1961 соналда Советияб армиялде тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе. Лъабго соналъ Германиялда хъулухъги гьабун тIадвуссаравго 1964 соналда тIубазабуна гьоркьоб тун букIараб цIали.

Гьоркьохъеб лъаялъул дипломги босун 1968 соналда районалде тIадвуссарав МухIамад МухIидиновичас жиндирго хIалтIулаб нух байбихьана гIагараб Мощоб росдал байбихьул школалда хIалтIиялдаса. Гьеб заманалда школалда букIана 8 лъимер.

1969 соналда заочно цIализе лъугьана ДГПУялъул филологияб факультеталде.

1970 соналда хъизанги гьабун, МухIамад МухIидинович хIалтIизе лъугьуна Содаб байбихьул школалде. Анлъго соналъ гьенивги хIалтIун, хадув витIула Гьидиб байбихьул школалде. 1995 соналда нахъойги вачIуна гIагараб росдал школалде. Микьго соналъ гьенивги хIалтIун вачIана ЦIуриб гьоркьохъеб школалде. Гьелдаса 2018 соналда ана мустахIикъаб хIалхьиялде.

2004 соналда гьесие кьун букIана «ДРялъул мустахIикъав учитель» абураб хIурматияб цIарги.

Живго учительлъун хIалтIараб заманалда М. Халилулаевас цо нусго цIалдохъанасе гуро лъайгун гIакълу кьураб. Гьесда нух батулаан щивав цIалдохъанасул рекIелъе. Кумек гьабулаан нахъе кколезе. Гьев вукIана аваданав, махсаро-хочI бичIчIулев лъикIав инсан. Гьесул хIакъалъулъ цадахъ хIалтIулел рукIарал мугIалимзабаз ва гьев лъалелщиназ абулаан тIадкъараб хIалтIуе ритIухъав, гIадлу бугев, цадахъ хIалтIулезухъ ва цIалдохъабазухъ ракIбухIи бугев лъикIав гьалмагъ вукIанилан.

50 гIагарун соназ цадахъаб гIумру гьабуна лъади Таибатицагун МухIамадица. Руго гьезул 7 лъимер ва 18 лъималазул лъимерги.

Яс Загьрат МухIамадовна йиго гIурус мацIалъул учительница. Вас Халилулагь МухIамадович ккола математикаялъул мугIалим. Гьел кIиязго тIаса бищана инсул нух ва хIалтIулел руго ракIбацIцIадго, цадахъ хIалтIулезда гьоркьоб буго лъикIаб кьадру-кьиматги. Цоял лъималги хIалтIулел руго жиде-жидер махщелазда рекьон.

ГIемерал цIалдохъабазе лъай ва гIакълу кьурав магIна цIикIкIарав инсан, МухIамад МухIидинович Халилулаев кидаго цIунун хутIила гьес дарс малъарал цIалдохъабазул, цадахъ хIалтIаразул ва росуцоязул рекIелъ.

Алжан насиб гьабун арав ватаги, Аллагь гурхIаги гьесда доб дуниялалда.

***ХIадурана Ш. ШАМСУДИНОВАЛЪ, перевод КЪ. ЧАХИЕВАСУЛ***

## *Авар кицаби ва абиял*

- МагIарзухъан кIалдибегIан къокъаб жойила гьереси.
- МагIарухъ хур хвани, хьиндалазул пихьги хола.
- МагIу рекъезе – рагIи, риба хIалаллъизе – хIилла. (МагIу рекъезе – далай).
- Мадугьаласул хIелеку хъазлъун бихьулебила.
- Макьие сабру гьечIеб, рокьуе берцинлъи гьечIеб.
- Макьу толеб жо – ургьел, гIадан холеб жо – хиял.
- Макьу щварал кьижула, рокьи ккарал свердула.
- Малла-Насрудинил далай лъугIаниги, чIанда хабаралъе лъугIел букIунаро.
- Малъараб гьабе, гьикъараб бице.
- Малъараб гьабуни, дагIба кколаро.
- Малъараб гьабичIев ХIавал Палица.
- Малъарасул кIал бекуларо, кIанцIарасул бох гурони.
- Малъизе чи тIагIунаро, малъараб босаги.
- МалъичIеб гьабуге, гьикъичIеб бицунге.
- МалъичIого хIалтIи гьабуге, ахIичIого кваназе унге.
- Маргьабаца кантIула, магьалуялъ кIвекIула.
- МаслигIаталъ рекъезарула, мацIица ратIа гьарула.
- Махсара гьабе бакI бихьун.
- Махсара гьабе, махсара лъалев чиясе.

### Аттестат билун буго

Кьорош гьоркьохъеб школалъ 1985 соналда Зуберова ГIайшат ГIариповналъул цIаралда кьураб 9 класс лъугIиялъул аттестат № 316187 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъиябльун рикIкIунаро.**

### Аттестат билун буго

ГIириб гьоркьохъеб школалъ 1985 соналда АхIмадов ГIалиасхIаб МухIамадовичасул цIаралда кьураб аттестат № В 213975 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъиябльун рикIкIунаро.**

# Налогоплательщикам

**Информационное сообщение о налоговых льготах при налогообложении имущества за налоговый период 2022 года по организациям и физическим лицам.**

**Для налогоплательщиков юридических лиц:**

Федеральным законом от 15.04.2019 № 63-ФЗ «О внесении изменений в часть вторую Налогового кодекса Российской Федерации и статью 9 Федерального закона «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации о налогах и сборах» введен заявительный порядок предоставления налоговых льгот для налогоплательщиков-организаций по транспортному и земельному налогам.

Заявление о предоставлении налоговой льготы (КНД 1150064) заполняется налогоплательщиком на основании документов, подтверждающих право на налоговую льготу за период ее действия, указываемой в заявлении, и представляется в любой налоговый орган. Если такие документы у налоговой инспекции отсутствуют, то по информации, указанной в заявлении, она запрашивает сведения, подтверждающие право на льготу, у лиц и органов, располагающих ими, затем информирует налогоплательщика о результатах.

Следует отметить, что предельный срок подачи такого заявления законодательством не определен, но поскольку с 2021 года ФНС России направляет налогоплательщикам-организациям сообщения об исчисленных суммах транспортного и земельного налогов (ст. 363 Налогового кодекса, форма утв. приказом ФНС России от 5 июля 2019 г. № ММВ-7-21/337@), Инспекция рекомендует направить заявления о налоговых льготах за 2022 год до 1 апреля 2023 года, ведь если на дату формирования сообщения у налогового органа нет информации о налоговой льготе, то в сообщение будут включены суммы налогов без учета льгот.

По результатам рассмотрения заявления о предоставлении налоговой льготы, налоговый орган направляет уведомление о предоставлении налоговой льготы либо сообщение об отказе от предоставления налоговой льготы.

**Как узнать, какие льготы положены при уплате налогов физических лиц:**




**Как использовать право на льготу?**
**Обратиться с заявлением о предоставлении льготы по имущественным налогам физических лиц:**

| | | |
|---|---|---|
| **В любой налоговый орган** | **МФЦ** | **Онлайн сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физического лица»** |

**Форма заявления о предоставлении налоговой льготы, порядок ее заполнения, формат представления такого заявления в электронной форме утвержден приказом ФНС России от 25 июля 2019 г. № ММВ-7-21/377@**

ЧIАРАДА
Директор МБУ «ЕИС» Земфира МухIамадова
Жавабияв секретарь Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор Манарша Расулова
Корреспондент Шахзанат Шамсудинова
Набор - Ирайсат МухIамадгIалиева
Редактор-стилист Аминат ГIабдурахIманова

Газета гIуцIарал: «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель: Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.
Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гьур. Печаталъе гьулбасана 16:00с. Гьулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хьван лъихьаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*